



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedya:** 13 oktòb 2014

### **DEKLARASYON GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO SOU JOU COLUMBUS**

“Jou Columbus se yon okazyon pou nou selebre reyalizasyon ki te fèt anvan nou—imigran yo ki te fè fas a difikilte inonbrab atravè istwa, men ankò yo te prezève pou bati mond lan ke nou abite jodia. Soti nan baryè lang a kondisyon travay ki difisil, fi ak gason sa yo te simonte chak obstak pou vini yon fòs dinamik nan sosyete a.

“Isit la nan New York nou fyè de eritaj dirab sa, paske eta nou an vrèman se pòtay nan mond lan. Parad nan jou Columbys la – pi gwo selebrasyon nan mond lan eritaj Italyen-Ameriken - te kòmanse la nan 1929, e jodia se yon lòt egzanp sou kijan nou jwenn kominote nan divèsite nou an.

“Antanke pitit pitit kat imigran Italyen, mwen fyè anpil de eritaj mwen ak valè fanmi m, travay san relach, ak pwomès nan opòtinite Ameriken ke granparan mwen yo te pase ba nou. Nan jou Columbus sa a, mwen ankouraje tout Nouyòkè yo pou relete eritaj moun yo ki te vini anvan nou epi bati Empire State ke nou konnen jodia. Se pou nou swiv egzanp yo epi kite yon Eta New York ki menm pi bon pou pitit nou yo.”

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

\*\*\*\*\*  
**WE WORK FOR THE PEOPLE**  
PERFORMANCE \* INTEGRITY \* PRIDE

Haitian Creole